Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 32 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU RANFÒSE SEKIRITE POU ÒGANIZASYON SAN BI LIKRATIF YO K AP FÈ FAS AK GWO RISK TEWORIS

Finansman atravè Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif federal la pral ede 157 òganizasyon san bi likrtif ki an risk ranfòse sekirite etablisman yo ak preparasyon jeneral yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 32 milyon dola nan finansman federal pou sipòte efò 157 òganizasyon san bi likratif k ap fè fas a yon ogmantasyon nan risk teworis yo oswa lòt atak ekstremis pou ranfòse sekirite etablisman yo, ansanm ak amelyore preparasyon yo anjeneral. Finansman sa a, ki te founi pa Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) atravè Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif (Nonprofit Security Grant Program), k'ap afekte nan Nouyòk atravè de prim separe — 28.4 milyon dola pou òganizasyon nan Zòn Metwo Vil Nouyòk ak 3.6 milyon dola pou òganizasyon yo nan tout rès eta a. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta Nouyòk (Division of Homeland Security and Emergency Services) ap administre pwogram lan.

"Pwogram Sibvansyon Sekirite San bi Likratif la se yon pati enpòtan nan estrateji nou an pou anpeche teworis lokal nan Eta Nouyòk", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kèlkeswa kote nou rasanble, nou gen dwa pou nou reyini nan lapè ak respè san krent vyolans oswa kritik kriyèl. Efò sa a egzije pa mwens ke patenarya total tout moun ki patisipe nan kreye yon anviwònman ki pi an sekirite pou tout moun k ap viv, travay ak vizite gran eta nou an".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta Nouyòk la, Terry O'Leary, te deklare, "Òganizasyon san bi likratif nan Nouyòk yo jwe yon wòl vital nan kominote yo toupatou nan eta nou an e finansman sa a pral ede yo pwoteje enfrastrikti yo, amelyore preparasyon, epi ranfòse fòmasyon pou dekouraje zak teworis ak krim rayisans yo. Nou pral kontinye travay avèk patnè nou yo nan tout nivo gouvènman an pou anpeche move aktè yo lakòz domaj epi fè Nouyòk yon kote ki an sekirite pou tout moun."

Nan tout peyi a, yo ap founi yon total 274.5 milyon dola nan Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif yo nan ane fiskal 2023 a. Nan kantite lajan sa a, yo te rann 137.25 milyon dola disponib nan finansman pou òganizasyon san bi likratif ki sitiye nan youn nan Inisyativ Sekirite Zòn Iben (Urban Areas Security Initiative, UASI) ki

deziyen zòn iben ki gen gwo risk. Yo te rezève rès 137.25 milyon dola pou jiridiksyon ki an deyò zòn UASI deziyen yo. Nan Nouyòk, zòn iben ki gen gwo risk UASI deziyen nan eta a se Zòn Metwo Vil Nouyòk la. Espesyalman, sa gen ladan Vil Nouyòk, ansanm ak Konte Westchester, Nassau ak Suffolk.

Depans akseptab yo enkli planifikasyon tankou jesyon risk sekirite, kontinwite operasyon yo, ak plan repons; ekipman, ki gen ladan amelyorasyon sekirite fizik ak sistèm enspeksyon/depistaj ekipman; fòmasyon tirè aktif ak fòmasyon sekirite pou anplwaye oswa manm kongregasyon; egzèsis entèvansyon, ak pèsonèl sekirite ki gen kontra.

Senatè Charles Schumer te deklare, "Nan mitan menas k ap ogmante yo — sitou sa nou te wè atravè Vil Nouyòk ak Long Island — ak ogmantasyon frapan nan antisemitism ak krim rayisman, li pa janm te pi enpòtan pou asire ke Nouyòkè yo ki rasanble nan tanp adorasyon, ki depoze pitit yo lekòl, oswa ki vizite JCC lokal yo a oswa lòt sant kominotè ki baze sou lafwa yo pwoteje kont danje. Pwogram sekirite federal tankou NSGP yo se yon poto mitan nan yon preparasyon efikas kont menas teworis ak krim rayisans, epi fon federal sa yo pral ede anpil pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Nou dwe kontinye goumen pou plis finansman jiskaske bezwen sekirite chak kominote yo satisfè, tout pandan n ap konfwonte dirèkteman prejije ak inyorans ki alimante atak sa yo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Chak Nouyòkè merite pou adore epi rasanble san pè. Mwen fyè pou m delivre finansman esansyèl sa a pou pwoteje tanp adorasyon nou yo ak òganizasyon san bi likratif yo, paske pa gen anyen ki pi enpòtan pase kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Okenn kominote pa ta dwe viv nan laperèz akoz rayisans, vyolans oswa ekstremis sou tout fòm. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak tout patnè nou yo pou angajman kontinyèl yo nan pwoteje Nouyòkè yo epi ranfòse sekirite òganizasyon ki enpòtan pou kominote nou yo."

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans
Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook DHSES la, swiv @NYSDHSES sou X, oswa vizite dhses.ny.gov.

Resevwa mesaj tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn ou. Voye yon mesaj tèks ak non konte oswa katye ou rete a nan 333111 pou enskri kounye a. Aprann plis nant dhses.ny.gov/emergency-alerts.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.